



**NeMutungamiri
Henry B. Eyring**
Mutevedzeri Wokutanga
muHutungamiri Hwekutanga

Kugovera Vhangeri kubva paMwoyo kuenda kuMwoyo

Mwari vanoisoisa vanhu vakagadzirira kutambira vhangeri munzira yevaranda Vavo vakagadzirira uye vanoda kugovera vhangeri. Izvi zvakamboitika muupenyu hwako pachako. Kuti zvinoitika kakawanda zvakadzi kunoenderana nokugadzirira kwepfungwa nemwoyo wako.

Ndine shamwari inonamata zuva rega rega kuti asangane nemumwe munhu akagadzirira kutambira vhangeri. Anotakura paari Bhuku raMormoni rimwechete. Mamwe manheru asati asimuka kuenda parwendo rupfupi, akasarudza kusatakura bhuku asi kutakura makadhi anosuma Chechi. Asi apo paaigadzirira kusimuka, femero yomweya yakauya kwaari: “Tora Bhuku raMormoni newe.” Akaisa bhuku rimwechete mubheke rake.

Apo mudzimai waaiziva paakagara pedyo naye parwendo urwu, akafunga, “Ndiye here wandinofanira kugovera vhangeri uyu?” Akafamba naye zvakare parwendo rwekudzoka. Akafunga, “Ndinotaura sei nezve vhangeri?”

Panzvimbo pazvo, mudzimai uyu akati kwaari, “Unobvisa chegumi kucheche kwako, handiti?” Iye akati aibvisa. Mudzimai uya akati aifanira kubvisa chegumi kucheche yake asi akanga asingabvisi. Zvino akabvunza; “Chii chaungandiudza pamusoro peBhuku raMormoni?”

Akatsanangura kuti bhuku iri raiva gwaro dzvene, umwe uchapupu hwaJesu Kristu, rakadudzirwa neMuporofita Joseph Smith. Mudzimai uya akataridzika seaifarira zvaainzwa, saka shamwari yangu yakapinza ruoko mubheke rake uye akati, “ndakafemerwa kuuya nebhuku iri neni. Ndinofunga nderako.”

Akatanga kuriverenga. Apo pavakaparadzana, mudzimai akati, “Iwe neni tichakurukura zvimwe zvakawanda pamusoro pebhuku iri.”

Zvisina kukwanisa kuzivikanwa neshamwari yangu—asi Mwari *zvaVaiziva*—nde zvokuti mudzimai uyu aitsvaga chechi. Mwari Vaiziva kuti akanga atarisa shamwari yangu achishama kuti sei chechi yake yaimuita munhu anofara kudaro. Mwari Vaiziva kuti aizobvunza pamusoro peBhuku raMormoni uye kuti aizova nechido chokudzidziswa nevashumuri. Akanga agadzirira. Neshamwari yangu yakanga vakagadzirirawo. Iwe neni tinokwanisawo kuva takagadzirira.

Gadziriro yatinoda iri mupfungwa dzedu nemumwoyo yedu. Mudzimai akanga anzwa uye akayeuka mashoko pamusoro peBhuku raMormoni, peChechi yaIshe yakadzorerwa, nepemurairo wekubvisa zvegumi kunaMwari. Uye akanga anzwa mavambo euchapupu hwechokwadi mumwoyo make.

Ishe Vakati Vanozozarura chokwadi kupfungwa yedu

nekumwoyo wedu neMweya Mutsvene (ona D&Z 8:2). Vanhu vazhinji vaunosangana navo vakatova nemavambo egadziriro iyoyo. Vakanzwa kana kuti vakaverenga nezva Mwari neshoko Ravo. Kana mwoyo yavo yakapfava zvakakwana, vakanzwa, zvisinei kuti zvishoma zvakadii, simbiso yechokwadi.

Mudzimai uyu akanga akagadzirira. Neshamwari yangu yakanga yakagadzirirawo, Mutendi waMazuva Ekupedzisira akanga adzidza Bhuku raMormoni. Akanga anzwa uchapupu hwekuti ichokwadi, uye akaziva nhungamiro yaibva kuMweya yokuti atore bhuku parwendo. Akanga akagadzirira mupfungwa make nemumwoyo make.

Mwari varikugadzirira vanhu kutambira uchapupu hwako hwechokwadi chakadzorerwa. Vanoda rutendo rwako uyezve chiito chako chekugovera usingatyi, izvo zvava zvinokoshesesa kwauri nekuna avo vaunoda.

Gadzirira kugovera nokuzadza pfungwa yako zuva rega rega nechokwadi chevhangeri. Apo paunoche-ngeta mirairo uye uchikudza zvibvumirano zvako, unozonzwa uchapupu hweMweya uye rudo rwakawanda rweMuponesi kwauri nekune avo vaunosangana navo.

Kana ukaita chikamu chako, unozonyanya kuva nezviitiko zvinotapira zvokusangana nevanhu vane-nge vakagadzirira kunzwa uchapupu hwako hwechokwadi—hwuchipuhwa zvinobva pamwoyo wako zvichienda kumwoyo wavo.

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Funga kuverenga shoko rino nemhuri uye kukurukura ndima inoteverwa nendima yokupedzisira, iyo Mutungamiri Eyring vanokurukura nzira dzingashandiswa nomunhu kusimbisa uchapupu hwake. Kurukura nemhuri kukosha kwekupa uchapupu apo pavanenge

vachigovera vhangeri. Vana mumhuri vangangowana zvichibatsira kudzidzira pane mumwe mwana mumba mapiro okuita uchapupu kushamwari dzavo.

VECHIDIKI

Kuziva Zvokutaura

Kana uchinzwa kuti hauzivi zvakakwana pamusoro kpevhangeri zvokuti ugoverane navamwe, tora nyaradzo muvimbiso idzi dzinobva mumagwaro matsvene:

“Simudzai mazwi enyu kuvanhu ava; taurai pfungwa dzandichaisa mumwoyo menyu, uye hamuzonyadziswa pamberi pevanhu;

“Nokuti zvichapuhwa kwamuri munguva iyoyo, hongu muchinguva ichocho, zvamuchataura” (D&Z 100:5–6).

“Asi Munyaradzi, Mweya Mutsvene, uchatumwa naBaba muzita rangu, iye uchakudzidzisa zvose, nokukuyevudzirai zvose, zvakadareva kwamuri” Johane 14:26).

Vimbiso idzi ihuru, asi kudziwana, tinofanira kuita chikamu chedu. Mushoko rino, Mutungamiri Eyring vakatidzidzisa maitiro: “Gadzirira kugovera [vhangeri] nokuzadza pfungwa dzako zuva rega rega nezvokwadi zvevhangeri.” Chii chaungaita kuti uzadze pfungwa dzako nezvokwadi zvevhangeri?

VANA

Gadzirira kuGovera

Mutungamiri Eyring vanoti nzira yakakosha yokugadzirira nayo kugovera vhangeri ndeyokuzadza pfungwa dzedu nezvokwadi zvevhangeri. Ndezvipi zvimwe zvinhu zvaungaita kugadzirira kugovera?



Rutendo, Mhuri,
Rubatsiro

Zvidikanwi Zvinokosha neMushando Unopiwa

Dzidza chinyorwa chino nomunamato uye, pazvinoita, chikurukure nemasisita amunoshanyira. Shandisa mibvunzo yacho kuti ikubatsirei kusimbisa masisita enyu uye kuita kuti Chita cheRubatsiro chive chikamu chinoshanda cheupenyu hwenyu pachenyu.

“Zvidikanwi zvevamwe zvino-gara zviripo nguva dzose,” vakadaro Mutungamiri Thomas S. Monson, “uye mumwe nemumwe wedu anokwanisa kuita chimwe chinhu kubatsira mumwe munhu. . . . Kusara kokunge tashandira vamwe neushingi zvokuti tinokanganwa pamusoro pematambudziko edu pachedu, chinangwa choupenyu hwedu chinova chidiki diki.”¹

Sevadzidzisi vekushanyirana tinokwanisa muchokwadi kusvika pakuziva nokuda sisita wega wega watinoshanyira. Kushandira avo vatinoshanyira kunozouya zviru nyore nyore nokuda kwerudo rwedu kwavari (ona Johane 12:34–35).

Tingaziva sei zvidikanwi zvenyama nezvomweya zvemasisita edu kuitira kuti tigokwanisa kuvashandira apo pazvinenge zvichidikanwa? Sevadzidzisi vekushanyirana, tinekodzero yokutambira femero apo patinonamatira avo vatinoshanyira.

Kugara tichitaura nguva dzose nemasisita edu kwakakoshawo. Kushanyira kwedu isu pachedu, kurudzira runhare, kunyorera chitsamba chekuruziro,

kutumira maimeiri, kugara naye pamisangano napazviitwa, kupa rumbidzo yechokwadi, kukurukura naye kuchechi, kumubatsira munguva dzeurwere kana dzezvimwe zvidikanwi, nezvimwe zviito zvemushando zvose zvinotibatsira kutaririrana nokusimbisana.²

Vadzidzisi vekushanyirana vanokumbirwa kunopira zviru maererano nemagariro, zvidikanwi zvakakosha zvemasisita, uye mushando unenge wapihwa kwavari. Kupira uku nemushando wedu kumasisita edu kunotibatsira kutaridza udzidzi hwedu.³

Kubva muMagwaro Matsvene

Johane 10:14–16; 3 Nifai 17:7, 9; Moroni 6:3–4

Kubva muNhorondo Yedu

Kushandirana kwakagara kuri chikamu chinokosha chekudzidzisa kwekushanyirana. Kuburikidza nekushandira kunoenderera tinounza tsitsi neushamwari izvo zvinopfuura kungoshanyirana kunoitwa mwedzi wega wega. Kuva nehanya kwedu ndiko kwakakosha.

“Chido changu ndechokuteterera

kumasisita edu kuti varege kushurudzika pamusoro pekuridza runhare kana kushanya mushure memwedzi mitatu yoga yoga kana kwemwedzi woga woga,” vakadaro sisita Mary Ellen Smoot, mutungamiri mukuru weChita Cherubatsiro wechigumi netatu. Vakatikumbira kuti “tinyanye kushingirira pakuriritira mweya mitete.”⁴

Mutungamiri Spencer W. Kimball (1895–1985) vakadzidzisa kuti, “Zvakakosha zvikuru kuti tishandirane muumambo.” Asi vakaziva kuti mushando wese hausi unofanira kuva wakakura zvinembiri. “Kazhinji chaizvo, zviito zvedu zvemushando ndezvekungokurudzira kana kupa . . . rubatsiro pamabasa madiki diki amazuva ose,” vakadaro, “asi imhedzisiro dzakanakisa zvakadii dzinokwanisa kuuya . . . kubva kuzviito zvidiki asi zvinechinangwa!”⁵

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Thomas S. Monson, “What Have I Done for Someone Today?” *Riahona*, Mbudzi 2009, 85.
2. Ona *Handbook 2: Administering the Church* (2010), 9.5.1.
3. Ona *Handbook 2*, 9.5.4.
4. Mary Ellen Smoot, in *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 117.
5. *Teachings of Presidents of the Church: Spencer W. Kimball* (2006), 82.

Chii Chandingaite?

1. Ndiri kutsvaka here femero yangu pachangu yokuziva madaviriro andingaita kuzvidikanwi zvenyama nezvomweya zvasisita wega wega wandakapuhwa kuti nditaririre?

2. Masisita andinotaririra anoziva sei kuti ndine hanya navo nemhuri dzavo?

Kuwana rumwe ruzivo, enda ku www.reliefsociety.lds.org.